

**NOVEL PARA PAWESTRI PEJUWANG**  
**ANGGITANE SUPARTO BRATA**  
**(Titingan Strukturalisme Genetik)**

**LAILIN ALMUHITHIASARI**

**Pendidikan Bahasa Dan Sastra Daerah (Jawa)**

**Fakultas Bahasa dan Seni**

**Universitas Negeri Surabaya**

**alinithia@gmail.com**

**Dosen Pembimbing: Dra. Sri Sulistiani, M. Pd.**

**Abstrak**

Novel kanthi irah-irahan Para Pawestri Pejuwang (sabanjure dicekak PPP) reriptane Suparto Brata iki ditliti jalaran nyritakake ngenani perjuangane para wanita Jawa. Panliten kanthi nggunakake tintingan strukturalisme genetik iki dipunjerake ing patang perkara kang dadi underane panliten, yaiku, kepriye struktur intrinsik novel PPP anggitane Suparto Brata, kepriye kadadeyan sosial kang njalari laire novel PPP anggitane Suparto Brata, kepriye pamawas donyane pangripta ngenani novel PPP anggitane Suparto Brata, lan kepriye pamawase masyarakat ngenani novel PPP anggitane Suparto Brata. Landhesan teori kang digunakake sajrone panliten iki adhedhasar tintingan strukturalisme genetik Lucien Goldman. Pangumpulane dhata ditindakake kanthi nggunakake teknik pustaka lan wawancara. Isi crita saka novel PPP yaiku ngenani para paraga wanita kang berjuwang kanthi cara lan tumindake dhewe. Ora mung para paraga wanitane, para paraga priya uga dicritakake merjuwangake apa kang dadi tujuwane. Para paraga priya berjuwang kanthi cara sarwa grobyagan lan para paraga wanitane berjuwang kanthi cara kang luwih wicaksana. Kang dadi sorotan yaiku perjuangane para paraga wanitane. Kanthi cara alus lan wicaksana para paraga wadon bisa nggayuh apa kang diperjuwangake.

**Abstrak**

Novel dengan judul Para Pawestri Pejuwang (selanjutnya disingkat PPP) karya Suparto Brata ini diteliti karena menceritakan perjuangan para wanita Jawa. Penelitian dengan menggunakan teori strukturalisme genetik tersebut difokuskan dalam empat permasalahan yang menjadi rumusan masalah, yaitu, bagaimana struktur intrinsik novel PPP karya Suparto Brata, bagaimana peristiwa sosial yang menyebabkkn terciptanya novel PPP karya Suparto Brata, bagaimana pandangan dunia pengarang mengenai novel PPP karya Suparto Brata, dan bagaimana pandangan masyarakat mengenai novel PPP karya Suparto Brata. Landasan teori yang digunakan dalam penelitian ini berdasarkan teori strukturalisme genetik Lucien Goldman. Pengumpulan data dilakukan dengan menggunakan teknik pustaka dan wawancara. Isi cerita dari novel PPP yaitu mengenai para tokoh wanita yang berjuang dengan cara dan tindakannya sendiri. Tidak hanya para tokoh wanitanya, para tokoh pria juga diceritakan memperjuangkan apa yang menjadi tujuannya. Para tokoh pria berjuang dengan cara yang kasar dan para tokoh wanita berjuang dengan cara yang lebih halus dan bijaksana. Namun yang menjadi sorotan adalah perjuangan para tokoh wanita. Dengan cara mereka yang halus dan bijaksana mereka dapat meraih apa yang mereka perjuangkan.

## PURWAKA

Tetembungan sastra digunakake kanggo nyebut gejala budaya kang bisa ditemoni sajrone masyarakat senajan kanthi sosial, ekonomi, lan kaagamaan ora kudu mesthi ana. Bab kaya mangkene ateges yen sastra yaiku gejala kang universal, nanging sawijine fenomena yaiku gejala kang universal kasebut ora nduweni konsep kang universal uga. Kriteria 'sastra' kang ana sajrone masyarakat tartamtu ora mesthi trep karo sastra kang ana sajrone masyarakat liyane (Soeratno sajrone Jabrohim, 2001: 9).

Isi crita novel *Para Pawestri Pejuwang* (sabanjure dicekak PPP) yaiku ngenani jaman gejer lengsere Presiden Soeharto ing sasi Mei 1998, kang gumanti jaman reformasi. Dicitakake ana sawenehe kulawarga kang dumadi saka eyang kakung tilas tentara, bapak kang pinuju cekel gawe dadi pejabat kang kuwasa, ibu kang wis lumpuh, putra lanang diwasa kang menginake owaha jaman, lan putri loro diwasa kang uga kepengin ngowahi jaman. Dicitakake yen para priya polahe sarwa bedhigasan nuduhake katiyasane otot, dene para putrine anggone tandang nglakoni owaha jaman kanthi cara kang tanpa "kekerasan".

Novel PPP diteliti kanthi nggunakake titingan strukturalisme genetik. Strukturalisme genetik yaiku sawijine cabang panliten sastra kanthi cara struktural kang ora murni arupa panggabungan struktural lan metodhe panliten sadurunge. Panliten strukturalisme genetik dideleng saka unsur intrinsik lan ekstrinsik karya sastra. Strukturalisme genetik nerangake karya sastra saka *homologi*, *persuasi*, lan struktur sosiale, ateges karya sastra kasebut bisa dipahami saka asal lan kadadeyane (genetik) (Goldman sajrone Teeuw, 1988: 153).

Kang dimaksud tetembungan struktur yaiku gegayutan-gegayutan kang mutlak ana ing antarane klompok-klompok gejala. Gegayutan-gegayutan kasebut dituduhake dening panliti adhedhasar observasine. Contone paraga-paraga sajrone novel, diperang kanthi pamerangan paraga utama, paraga panentang, lan paraga kang mbiyantu. Antara paraga utama lan paraga pambiyantu ana gegayutan kang sinebut *asosiasi* banjur antarane paraga utama lan paraga panentang ana gegayutan kang sinebut *oposisi* (Luxemburg, 1989: 36).

Miturut Aristoteles (sajrone Teeuw, 1988: 121) karya sastra kudu nduweni konstruksi kang becik, kang diandharake ing patang sarat yaiku *order*, *amplitude*, *unity*, lan *coherence*. *Order* ateges urutan lan aturan, urutan aksi kudu mawa aturan lan nuduhake konsekuensi sarta konsistensi kang bisa ditampa akal utamane kudu ana kawitan, tengahan, lan pungkasan. *Amplitude* ateges ambane ruwang lingkup utawa *kompleksitas* karya kang

kudu cukup bisa ngrembakakake kadadeyan kang bisa ditampa akal utawa kang kudu ana kanggo ngasilake owah-owahan saka nasib apik menyang nasib ala utawa suwalike. *Unity* yaiku sekabehe unsur sajrone plot kang kudu ana lan ora bisa salin panggon tanpa ngilangake unsur liyane. *Coherence* bisa ditegesi yaiku sastrawan ora nduweni tugas supaya nyebutake babagan kang bener-bener kadadeyan, nanging nyebutake babagan kang bakal utawa kudu kadadeyan sajrone karya sastra.

Unsur intrinsik yaiku unsur-unsur kang mangun karya sastra. Unsur-unsur kasebut kang ndadekake karya sastra madeg minangka karya sastra, unsur-unsur kang kanthi *faktual* bakal ditemokake nalika pamaos maca karya sastra. Saperangan unsur kang dimaksud yaiku antarane plot, pamaraga, tema, latar, sudut pandang, basa utawa gaya basa (Nurgiyantoro, 2010: 23).

Kanthi definitif, strukturalisme genetik yaiku analisis struktur kanthi menahi kawigaten tumrap asal-usul karya. Kanthi ringkes ateges yen strukturalisme genetik menahi kawigaten tumrap analisis intrinsik lan ekstrinsik. Minangka teori kang wis kauji validitase, strukturalisme genetik isih disangga dening saperangan konsep canggih kang ora diduweni teori sosial liyane, kayata simetri utawa homologi, kelas-kelas sosial, subjek transindividual, lan pamawase jagad. Konsep-konsep kasebut kang kasil nggawa strukturalisme genetik ing puncak kajayakane nalika taun 1980-an nganti 1990-an (Ratna, 2013: 123).

Pamawase jagad kang dituduhake dening pangripta lumantar paraga kang kebak *problematik* arupa sawijine struktur global kang nduweni makna. Pamawase jagad ora mung arupa fakta *empiris* kang asipat langsung nanging arupa gagasan, aspirasi, lan pangrasa kang bisa nyawijekake klompok sosial bebrayan (Iswanto sajrone Jabrohim, 2001:64).

Gegayutane sastra lan masyarakat bisa digolongake kaya mangkene: kapisan, sosiologi pangripta lan kahanan sastra. Prekara kang gegayutan yaiku adhedhasar ekonomi, produksi sastra, asal-usul sastra, status pangripta, lan ideology pangripta kang bisa diweruhi saka saperangan kagiyatan sajrone karya sastra. Kapindho, isi karya sastra, tujuwan, sarta babagan-babagan liyane sajrone karya sastra kasebut kang gegayutan karo prekara sosial. Katelu, prekara saka pamaos lan dampak sosial sastra (Warren, 1990: 111).

Panliten iki bakal nitingi novel *Para Pawestri Pejuwang* kasebut kanthi dipunjerake ing patang prekara, yaiku struktur intrinsik novel, kadadeyan sosial kang njalari kariptane novel, pamawase jagad pangripta, lan pamawase masyarakat. Mula, underane panliten yaiku:

- (1) Kepriye struktur karya sastra sajrone novel PPP anggitane Suparto Brata?
- (2) Kepriye kadadayan sosial kang njalari laire novel PPP anggitane Suparto Brata?
- (3) Kepriye pamawas jagade pangripta tumrap novel PPP anggitane Suparto Brata?
- (4) Kepriye pamawase masyarakat tumrap novel PPP anggitane Suparto Brata?

Adhedhasar underane panliten kasebut, panliten iki nduweni tujuwan yaiku:

- (1) Ngandharake struktur karya sastra sajrone novel PPP anggitane Suparto Brata
- (2) Ngandharake kadadayan sosial kang njalari laire novel PPP anggitane Suparto Brata
- (3) Ngandharake pamawas jagade pangripta tumrap novel PPP anggitane Suparto Brata.
- (4) Ngandharake pamawase masyarakat tumrap novel PPP anggitane Suparto Brata.

## **METODHE PANALITEN**

Metodhe panliten iki ngandharake ancangane panliten, sumber dhata lan dhata, instrument panliten, tata cara ngumpulake dhata, tata cara analisis dhata, lan tata cara nulis asile panliten.

Panliten novel PPP kang nggunakake panliten kualitatif dheskriptif iki bakal dikaji kanthi strukturalisme genetik. Mula sajrone panliten iki panliti bakal mengkaji babagan struktur teks novel PPP anggitane Suparto Brata, kadadayan sosial kang njalari laire novel PPP, ngenani pamawase jagad Suparto Brata tumrap novel PPP, lan pamawase masyarakat ngenani novel PPP.

Sumber dhata kang digunakake ing panliten iki arupa novel *Para Pawestri Pejuwang* anggitane Suparto Brata taun terbit sepisanan Juni 2013 diterbitake dening penerbit Elmaterra Jalan Waru 73 Kav 3 Sambilegu Baru Maguwoharjo Yogyakarta kang cacahé ana 196 kaca. Kajaba saka novel, sumber dhata liyane awujud asil wawancara lan sumber penunjang liyane yaiku arupa buku-buku literatur kang digunakake kanggo landhesan analisis, artikel, lan panliten-panliten kang wis ana sadurunge.

Ratna (2013: 47) ngandharake sumber dhata sajrone panliten kualitatif deskriptif ing ilmu sastra yaiku ngenani karya, naskah, dhata panliten, minangka dhata formale yaiku tembung-tembung, ukara, wacana. Panliten kanthi objek novel PPP anggitane Suparto Brata iki awujud ukara lan tetembungan kang gegayutan karo (1) struktur novel PPP anggitane Suparto Brata; (2) kadadayan sosial kang njalari laire novel PPP anggitane Suparto Brata; (3) pamawas jagade pangripta ngenani novel PPP anggitane Suparto Brata (4) pamawas masyarakat ngenani novel PPP.

Tata cara panglumpukane dhata sajrone panliten iki yaiku kanthi nggunakae teknik pustaka lan wawancara. Teknik pustaka yaiku teknik kang nggunakake sumber-sumber tinulis kanggo ngasilake dhata. Teknik wawancara kanthi cara aweh saperangan pitakonan marang narasumber kang wis disusun sadurunge nindakake wawancara, banjur pewawancara nggolek katrangan liyane saka pitakonan kang diajokake marang narasumber

Analisis dhata kang ditindakake yaiku analisis dhata lumantar metodhe deskriptif yaiku nлити bab pangriptane, lingkungan sosiale pangripta, kalebu uga unsur-unsur kabudayane kaya kang wis diandharake ing ancangan panliten.

## **TINTINGAN NGENANI UNSUR INTRINSIK LAN EKSTRINSIK**

### **1. Struktural**

Analisis struktural karya sastra bisa katindakake kanthi cara idhidentifikasi lan dheskripsi fungsi sesambungan saben unsur intrinsik. Sepisanan diidhidentifikasi lan didheskripsi, kepriye kahanane kadadayan-kadadayan, plot, paraga lan pamaragan, latar, sudhut pandhang, lan liyane. Upamane kepriye sesambungane kadadayan siji lan liyane, gegayutane klawan plot kang ora kronologis, gegayutane klawan paraga lan pamaragan, klawan latar lan sapanunggalane (Nurgiyantoro, 2010: 37).

## a. Paraga sajrone novel PPP

Sajrone novel IMTK bakal dijlentrehake gambaran paraga ana ing novel kasebut saka segi strukturalisme:

### 1) Adreng Binathara

Adreng yaiku putra kapindho kulawarga Budi Prabawa. Dheweke kang dadi pimpinan klompok dhemo kang dibentuk bareng kanca-kancane sinebut MPD utawa Mahasiswa Pejuwang Demokrasi. Dhemo kang ditindakake Adreng bareng kanca-kancane nduweni tujuwan protes marang pamarentah kang dianggep nindakake korupsi. Adreng nduweni jiwa pemimpin kang wani tanggung jawab marang kaslametane kanca-kancane. Dheweke kang bakal wani nanggung menawa aksi dhemo bareng kanca-kancane ndadekake prekara.

Andharan ngenani paraga Adreng Binathara bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

“...Anu. Aja clometan ngandharake gagasan, ya. Bengokna wae apa sing dakomongke mau. Yen diwawancarani wartawan aja gelem. Wartawane kon nemoni aku wae. Bram! Dah! Saka kanca-kanca klompoke kene mung aku sing oleh ngomong! Ngreti? Ben ora pating clomet kapacak ing surat kabar!...”  
(PPP, 2013: 1)

Pethikan kasebut nuduhake yen Adreng yaiku wong kang tanggung jawab minangka pimpinan dhemo bareng kanca-kancane. Senajan dheweke rumangsa ora luput, nanging dheweke wis janji yen ana prekara kang gegayutan karo regune yaiku regu MPD, dheweke kang bakal maju dhisik ngupayakake mrantasi prekarane.

### 2) Ngesthiratu

Ngesthiratu yaiku putra ragil kulawargane Budi Prabawa. Saliyane mahasiswa, dheweke nyambi makarya ing sawijine radhio yaiku Radio Swara Kejawen. Radhio nalika madeg nduweni tujuwan nguri-uri budaya Jawa. Ngesthiratu nduweni sipat empati. Senajan kagolong isih sethithik umure nanging dheweke nduweni kawigaten kang gedhe ngenani kahanan sosial kang kadadeyan ing masyarakat bebrayan. Andharan ngenani sipate Ngesthiratu kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

“...Wah, daksekseni dhewe wingi demonstrasi ing Gedhong DPR. Sing mlebu atiku dudu anggone padha nuntut probahan jaman, nanging

kebrutalane bangsa, ya sing demonstrasi, ya sing ngatur keamanan, ya sing mbegegeg ora gelem lengser saka kalungguhane. Padha dene wangkale...”

(PPP, 2013: 37)

### 3) Wara Pramesthi

Wara Pramesthi yaiku putra mbarepe kulawarga Budi Prabawa, sawijine *business woman* kang wis ora gupuh marang anane arus modhernisasi. Kapinteran lan kaprigelane Wara ndadekake dheweke nduweni pagaweyan kang kapenak minangka *eksekutif designer office* ing kantore. Wara Pramesthi kalebu anak kang gati marang wong tuwane. Dheweke tanggap nalika ibune nuduhake kahanan kang ora kaya biyasane. Andharan ngenani sipate Wara Pramesthi iki bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

“...Ora. Ibu mesthi tukaran karo bapak. Ibu suntrut wae ngono, dipamiti bapak. Gage, ta, Bu. Suntaken marang aku, ben lejar, ora mrongkol ing penggalih...”  
(PPP, 2013: 29)

### 4) Pembayun Ratri

Pembayun Ratri yaiku garwane Budi Prabawa. Sikile lumpuh amarga nalika jaman isih kerja ing rumah sakit dheweke kerep kena *sinar x*. Senajan lumpuh dheweke tetep ora lali ngurus omah lan kulawargane. Pembayun Ratri nduweni sipat sabar menawa bojone nduweni wong wanita liya amarga dheweke ngrumangsani kahanane saiki kang cacad. Andharan ngenani sipate Pembayun Ratri bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

“...Ora, Ra. Ora. Yen prekara kuwi, aku ora sedhil. Wiwit lumpuh sepuluh taun kepungkur, aku wis eklas ngeculake bapakmu njajan wong wanita liya. Aku ora nesu lan butarepan nalika bapakmu srawung rapet karo Monica, apa Solikah, apa karo sekretaris kantore. Malah aku melu ngrasa seneng yen bapakmu crita bares anggone dhemenan karo Carla Maramis...”  
(PPP, 2013: 30-31)

### 5) Sasra Pambudi

Sasra Pambudi yaiku sesepuh ing kulawarga Budi Prabawa. Nalika isih enom dheweke tau melu berjuwang ngrebut kamardikan lan nduweni julukan si Kancil Lasykar Kere. Amarga dheweke tau melu



berjuwang kasebut ndadekake dheweke pawongan kang gedhe omonge, diandharake kaya pethikan ing ngisor iki:

*“...Wis. Aku dak sing ngurus mranani. Sakri, terna aku nyang Poldana, marani putuku. Pulisi ki saiki ya ngawur wae. Wong berjuwang tenan kanggo ngapikake tatanan Negara kok ya ditahan. Wong Poldana kuwi ora ngreti apa, yen Adreng kuwi anak keturunane wong berjuwang, Keluwarga pejuwang. Ora ngreti yen Adreng ki putune Mayjen Sasrapambudi, Si Kancil Lasykar Kere sing biyen mbebasake kutha Sala!...”*  
(PPP, 2013: 83)

Pethikan kasebut nuduhake yen Sasra Pambudi dhemen banget ngojahake sapa dheweke ing jaman berjuwang biyen, yaiku sawijine pejuwang kang tau mbebasake kutha Sala, salah sawijine pejuwang kamardikan.

#### 6) Budi Prabawa

Budi Prabawa kuwi bapake Wara Pramesthi, Adreng Binathara, lan Ngesthiratu. Dheweke nyambut gawe ing Ditjen Moneter. Dheweke tau kasil mecahake prekara Darmagati kang kondhang. Sawijine dina nalika Ngesthiratu nekani acara konperensi pers Property Mahkota Raya ing Surabaya, dheweke ora sengaja meruhi Budi Prabawa uga ana ing kono, pranyata nalika isih padha ing omah pamite Budi Prabawa arep tindakan menyang Singapura. Andharane kaya ing ngisor iki:

*Oo! Ngesthi manthuk-manthuk. Nanging graitane wis ora nanggapi Graitane maneh. Pikirane wis muded marang andhere bapake ing kono. Iki genah pratingkah kang ora bener. Slingkuh. Kandhane tindak Singapura, kok saiki neng Surabaya!*  
(PPP, 2013: 150)

Pethikan ing dhuwur nuduhake sipate Budi Prabawa kang kagambar saka apa kang mentas dideleng dening Ngesthiratu. Ing kene bisa dideleng yen Budi Prabawa kiyanat marang bojone. Dheweke kabukti wis ngapusi bojone ngenani tujuwan lungane.

#### 7) Bathari Satiti

Bathari Satiti yaiku sawijine *business woman* kang pranyata uga memitran karo Wara Pramesthi. Dhek biyene Bathari Satiti sasekolahan karo Pembayun Ratri. Nalika mangerteni bojone bakal memitran karo Bathari Satiti, Pembayun Ratri rada cuwa atine, amarga mangerteni sipate Bathari nalika jaman sekolah kang

lenjeh. Sipate Bathari Satiti bisa dideleng ing andharan ing ngisor iki:

*Bathari Satiti pancen tipe wong wanita kang lenjeh., nanging disanggari sifat intelek kang mumpuni. Omonge, eseme, pilihan rembuge tansah mranani ati, tansah kababar kanthi niat mencutake wong sing dijak rembugan. Ora lidok yen wong lanang sanajan pejabat agung gampang kebandhang marang dheweke.*  
(PPP, 2013: 129)

#### 8) Kapten Samiaji

Kapten Samiaji yaiku sawijine aparat kang dhinese ing Poldana Metro Jaya. Dheweke kang njagani Adreng ana ing tahanan amarga polahe Adreng lan kanca-kancane kang wis ngrusak *property* pulisi. Kapten Samiaji kalebu aparat kang kurang nduweni tata krama. Nalika eyang Sasra teka ing Poldana Metro Jaya kanggo mbebasake Adreng, kapten Samiaji menahi sarat kang ngabotake eyang Sasra. Carane guneman marang eyang Sasra kang luwih tuwa tinimbang dheweke uga tanpa unggah ungguh. Andharane bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

*“...Mbah. Yen wis kateg omong-omong karo putune yen lunga pamit sik karo aku, ngreti? Ruwanganku neng kamar sing ana fotokopyne kae. Kapten Samiaji. Putune dibujuk supaya gelem tandhatangan berita acara iki, ben ndang bisa mulih. Yen putune ora gelem tandhatangan, embahe ya kena kadidene sing tanggungjawab. Ngono apa priye? Jam nemoni putu ora ana watese, arep ngancani nginep kene ya kena wae...”*  
(PPP, 2013: 108)

#### 9) Jim Faraday

Jim Faraday yaiku bule Amerika kang dadi pimpinane Wara Pramesthi ing perusahaanane. Jim lan Wara raket banget ngluwahi rakete pimpinan lan andhahane. Kena diarani yen Wara kuwi dhedhemenane Jim Faraday. Jim Faraday kalebu wong kang loman marang andhahane. Dheweke ora eman andum kawruhe. Apa kang dadi kawruhe dijlentrehake kanthi genah. Andharan ngenani sipate Jim Faraday bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

*“...Iya. Kuwi ya perlu koktekani kanggo ningkatake kawruhmu bab masarake barang-barang. Sanajan kowe wis lungguh dadi eksekutif, nanging ya isih perlu ditatar perkara pemasaran. Perlu dadi seller’s market...”*

(PPP, 2013: 4)

### 10) Widyaningrum

Widyaningrum yaiku pimpinan ing Radio Swara Kejawan, yaiku radhio panggonane Ngesthiratu nyambi makarya. Dheweke kang ngupaya kepriye carane supaya budaya Jawa ora kagiles owahe jaman lumantar radhione. Widyaningrum kalebu wong kang entheng tangane. Dheweke seneng mbantu wong liya kang mbutuhake dheweke, kayata nalika dheweke dijaluki tulung dening Ngesthiratu supaya mbantu masarake buku basa Jawane. Andharan ngenani sipate Widyaningrum bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

*“...Iya, Nges. Dakbantu pemasarane. Aku mrene iki uga lagi blajar masarake produk kang angel payu. Basa Jawa. Klebu bukumu kuwi mengko. Saiki iki kowe ngreti, para sutresna basa Jawa kuwi yen kon ngrungkokake, yen kon maca gelem. Seneng, jare nyengkuyung banget. Mung, anggere bisa oleh gratis...”*  
(PPP, 2013: 67)

#### b. Tema

Novel PPP iki nduweni tema mayor utawa tema pokok yaiku ngenani perjuwangan. Perjuwangan kang ditindakake dening para paragane kanggo ngowahi kahanan panguripane dhewe, bangsa, lan negara supaya luwih becik. Carane ngowahi kahanan antarane paraga siji lan sijine, lanang lan wanita beda-beda. Paraga lanang nalika merjuwangake ngowahi kahanan nggunakake kakuwatane lan kanthi cara kang grusa-grusu, dene para paraga wanita nggunakake cara kang luwih wicaksana.

Perjuwangane paraga lanang diwiwiti saka Adreng kang berjuwang supaya tatanan negarane bisa owah kanthi nindakake dhemonstrasi. Andharane kaya pethikan ing ngisor iki:

*“...Oo, wis mandul! Pemimpin Negara sing saiki iki wis mbrengkelo, ora mangsah diganti cara alusan. Wis julig, ngatur uderane negara mung nguntungake grombolane dhewe. Rekayasane wis baleg banget. Wis kudu didhobrag cara adu kakuwatan ngene iki! Brantas KKN! Biyen mbah-mbahku ngedegake negara iki smarga arep makmurake rakyat akeh!...”*  
(PPP, 2013: 8)

Pethikan kasebut nuduhake Adreng kang nyuwarakake panemune babagan kahanan sosial kang

kadadeyan ing sakiwa-tengene sajrone tumindak dhemonstrasi. Dheweke berjuwang ngowahi kahanan negarane nanging kanthi cara kang kasaran, kanthi nuduhake cacade negarane dhewe.

Banjur bab ngenani perjuwangane para paraga wanita diwiwiti saka paraga Wara Pramesthi. Wara berjuwang ing bisnis *property*. Dheweke migatekake temenan apa kang bakal ditindakake nalika suk bakale ngrekrut karyawan ing cabang anyar perusahaanane. Sekabehane direncanakake kanthi pritungan kang tliti nganti sekirane ora ana sing kurang. Andharane kaya pethikan ing ngisor iki:

*“...Emane aku ora mikir ngono. Nanging uga ora kalah adiluhur kaya ganthamu kuwi. Sing dakpikirake, aku mengko usul ing pojok ngarep kene dibangun mushola, cedhak karo gerbang saipam. Marga liwat Bangil barang mau, urut dalan dakdelok akeh masjide. Sing dakrekrut minangka tenaga andhahan dakangkah akeh wong saka sekitar kene, mesthi akeh wong Islame. Dadi para karyawan mengko anggone sholat ora perlu metu saka pekarangan pabrik. Dakusulake ing ngarep, perlune uga karyawan pabrik liya bisa numpang ing kene...”*  
(PPP, 2013: 104)

#### c. Plot

Plot sajrone karya sastra mujudake urutan crita kang kasusun dening tahapan-tahapan kadadeyan saengga ndadekake sawijine crita kang diwujudake para paraga sajrone crita (Aminuddin, 2011: 83). Kanggo nemokake plot sajrone novel PPP mula bakal dijlentrehake luwih dhisik ngenani tahap-tahap kadadeyan sajrone novel PPP. Pamerangan tahap-tahap kadadeyan adhedhasar isi crita novel saka kawitan nganti pungkasan, kang kaya kasebut ing ngisor iki.

##### 1) Tahap kang Kawitan

Tahap kang kawitan yaiku ngenani pengenalan saka paraga-paraga sajrone novel PPP kang disebutake kanthi njlentrehake kadadeyan-kadadeyan kang dialami para paragane. Diwiwiti saka Adreng nganakake demonstrasi bebarengan karo Bramantya lan kanca-kanca liyane. Ing tengahe demo, Adreng ora sengaja mangerteni adhine yaiku Ngesthiratu kang nalika kuwi dadi wartawan. Andharan kasebut bisa dideleng saka cuplikan ing sabanjure:

“...Iki mau tase Mas Teja kleleran neng studio, terus daktembung dakgawa metu ethok-ethoke mbebedhag pawarta. Pawarta sing paling aktual ya Gedhong DPR kene. Dadi aku mrene” ujare Ngesthiratu.  
(PPP, 2013: 7)

“...Aja neka-neka! Durung wayahe kowe kluyuran mrene! Ijen, maneh. Kene iki nggone wong lagi nesu, lagi muring-muring. Kasar, agal, mbedhigas. Ngowahi negara cara brangasan! Kae, delengen, tentara pating dlajiji ngedhangi kene. Aja melu-melu...”  
(PPP, 2013: 7)

“...Dreng, durung-durung kowe kok wis kenal?”  
Bram nyela-nyela.  
(PPP, 2013: 8)

“...Iki adhikku, Bram! Ngawur wae, kowe, ki!”  
ujare Adreng.  
(PPP, 2013: 7-8)

Cuplikan ing dhuwur nuduhake pangenalan saperangan paraga saka crita novel yaiku Adreng, Ngesthiratu, lan Bramantya. Ing cuplikan kasebut dicritakake yen Adreng lagi demo bebarengan karo Bram lan kanca-kanca liyane kanthi tujuwan supaya dheweke lan kanca-kancane bisa ngowahi kahanan negarane kang wis sarwa rusak. Ngesthiratu kang pranyata adhike Adreng dadi wartawan kang ngliput demo ora diolehi dening Adreng amarga miturute Adreng ing papan demo kono dudu panggonan kang trep kanggo Ngesthiratu.

## 2) Tahap kang Tengahan

Ing tahap tengahan wiwit nyritakake bab konflik-konflik sajrone novel dibarengi pangenalan paraga-paraga pandhukung liyane. Kawiwitan saka konflik kang dialami Adreng kang kapeksa ditahan amarga demo kang ditindakake bareng kanca-kancane dianggep sarwa grobyagan dening aparat. Kabukti saka cuplikan ing ngisor iki:

*Sabanjure Bramantya karo Dahana ditanggap supaya crita luwih genah maneh prekara kuwi. Sanajan loro-lorone padha crita rada geseh, nanging pokoke wis genah. Adreng ditahan pulisi marga grombolane nglawan pulisi nalika digiring ngadoh saka Gedhong DPR. Anggone nggiring carane kasar. Wis cukup adoh saka Gedhong DPR, wis tekan Jalan Sudirman, pulisine sajak saya gemaib, rumangsa menang, terus kaya-kaya ngirid prantean sing dipindhah buwene, yen ana sing ora nurut terus digebug. La, merga digebugi terus, banjur nglawan, brontak. Ndilalah ana mobil pulisi diliwati, dadi*

*sasaran rusak-rusakan. Ora bisa diranggeh, ya banjur disawati watu. Kena kaca ngarepe, sumyur. Prekarane owah, grombolane MPD dianggep anarkistis. Ditahan pulisi, digawa menyang Polda Metro Jaya, sing ora adoh saka panggonan kono.*  
(PPP, 2013: 82)

Saka cuplikan ing dhuwur bisa dideleng yen Adreng lan grombolane dianggep yen carane dhemo ing gedhong DPR mung gawe ontran-ontran kang ora ana gunane. Marga kaya mangkono mula Adreng lan grombolane diamanake dening pulisi kanthi digiring cara kasar. Apa maneh salah sawijine anggotane Adreng ana kang konangan ngrusak *property* pulisi.

## 3) Tahap kang Pungkasan

Ing tahap pungkasan nuduhake saperangan dudutan kang ana sajrone crita novel. Salah sawijine dicritakake ngenani pambebasane Adreng saka tahanan dening ibune, Pembayun Ratri. Adreng dibebasake kanthi nuruti apa kang dadi panjaluke pulisi kang ngladeni prekarane Adreng. Saka kono Adreng wiwit mangerti lan rumangsa yen ibune sasuwene iki uga melu berjuwang kanggo dheweke lan kulawargane. Andharane kaya pethikan ing ngisor iki:

“...Pancen saprene iki sing kokenggo kaca bengala sukses mung eyangmu lan bapakmu. Kowe mongkog karo jiwa pejuwange. Pejuwange bangsa, pejuwange kaluwarga. Kowe ora tau noleh aku, marga mung kokanggep wong tuwa wanita kang lumpuh, ora ndayani. Kowe lali, yen ibumu iki iya urun lan udhu akeh karo majune kaluwarga. Sing marsudi lan ngrasakake wudhuku dhestun mung anak-anakku wanita...”  
(PPP, 2013: 145)

Saka pethikan kasebut bisa dimangerteni yen Pembayun Ratri senajan mung wong wanita kang lumpuh nanging dheweke ora nyia-nyiakake uripe. Sajrone uripe dheweke tetep berjuwang kanggo karaharjane kaluwargane.

## d. Latar

### 1) Latar Papan

Latar papan yaiku latar ngenani panggonan dumadine prastawa kang dicritakake sajrone karya sastra. Unsur papan kang digunakake bisa arupa papan-papan kanthi aran tartamtu, *inisial* tartamtu, utawa papan



tartamtu kang ora cetha apa arane (Nurgiyantoro, 2010: 227).

### 1) Gedhong Parlemen

Gedhong parlemen minangka papan kang dianggo Adreng Binathara lan para kanca nom-noman liyane nganakake demo. Ing gedhong parlemen uga dianggo sarana nggolek warta dening para wartawan, antarane Graita Digdaya wartawan saka TVPS lan Ngesthiratu kang jebule adhine Adreng, saka Radio Swara Kejawen.

Latar papan ngenani gedhong parlemen sajrone novel PPP kaandharake kaya ing pethikan ing sabanjure:

*“...Cekake awake dhewe kudu nginep kene, nganti parlemen bubar!” ujare Adreng, pemimpin klompok MPD.*  
(PPP, 2013: 1)

### 2) Pabrik Boneka *Pretty Girls*

Pabrik boneka *Pretty Girls* yaiku pabrik boneka duweke bule saka Amerika yaiku Jim Faraday kang ana ing Kawasan Industri Cikarang, perusahaan panggone Wara Pramesthi nyambut gawe.

Latar papan ngenani Pabrik Boneka *Pretty Girls* sajrone novel PPP bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

*“...Yes,” wangsulane Wara Pramesthi karo nyandhak tase, terus nginthil Jim Faraday metu saka ruwangan kantore. Ruwang kantor pabrik boneka *Pretty Girls* ing Kawasan Industri Cikarang.*  
(PPP, 2013: 4)

### 3) Rawamangun

Omahe kulawarga Budi Prabawa ana ing dhaerah Rawamangun. Kulawargane Budi Prabawa yaiku Pembayun Ratri kang minangka bojone, nduweni anak telu kang paling mbarep yaiku Wara Pramesthi, kapindhone Adreng Binathara, lan kang ragil Ngesthiratu. Saliyane kuwi kang uga manggon ing omah kono yaiku Eyang Sasra Pambudi minangka bapake Budi Prabawa. Kulawarga Budi Prabawa nduweni asisten rumah tangga loro yaiku Satiyem lan Sakri.

Latar papan ing Rawamangun sajrone novel PPP bisa dideleng saka andharan ing ngisor iki:

*Ngesthiratu diterke ojek mandheg ing ngarep omahe ing kawasan Rawamangun. Sawise*

*mbayar ojek, dheweke klewe-klewes marani lawang pager, atine marem.*  
(PPP, 2013: 15)

### 4) Polda Metro Jaya

Polda Metro Jaya yaiku panggonane Adreng sawise kacidhuk dening pulisi amarga aksi dhemone bareng kanca-kancane kang dianggep ora nganggo aturan.

Latar papan ngenani Polda Metro Jaya sajrone novel PPP kaandharake kaya pethikan ing ngisor iki:

*“...La iya iku, mesthi wae. Wong Adreng ditahan neng Polda Metro Jaya. Aku mrene iki arep ngandhani wongtuwane. Wis rong bengi iki ditahan neng kana...”*  
(PPP, 2013: 81)

### 5) Bandhara Juanda lan Hotel Shangri-La

Bandhara Juanda lan hotel Shangri-La yaiku panggonan kang ditekani dening Wara Pramesthi lan Ngesthiratu nalika arep ngestreni sawijine acara kang wis ngundang Wara minangka sesulihe Pabrik Boneka *Pretty Girls*.

Latar papan ngenani Bandhara Juanda lan Hotel Shangri-La sajrone novel PPP bisa dideleng saka andharan ing ngisor iki:

*Jam 8.15 esuk Wara lan Ngesthi wis ndharat ing Bandhara Juanda Surabaya. Langsung numpak taksi Prima, tumuju hotel Shangri-La ing Lurung mayjen Sungkono.*  
(PPP, 2013: 85)

### 6) Kutha Pasuruan

Ing kutha Pasuruan butuhe Wara Pramesthi lan Ngesthiratu ndeleng kampung-kampung kang bakale arep didadekake pondhokane karyawan-karyawan anyare pabrik boneka *Pretty Girls*.

Latar papan ngenani Kutha Pasuruan sajrone novel PPP bisa dideleng ing andharan ing ngisor iki:

*Mlebu kutha Pasuruan, wis bisa ngladeni tamune, nggoleki kampung-kampung sing sakira pernah kanggo pondhokane para buruh andhahan.*  
(PPP, 2013: 113)

### 7) Rumah Sakit

Nalika Eyang Sasra kena serangan jantung amarga mangerteni sawijine warta ing surat kabar kang ngabarake anane tumindak korupsi kang dilakoni anake,



Budi Prabawa, dheweke banjur digawa menyang rumah sakit dening Pembayun Ratri, nanging Eyang Sasra wis ora bisa katulung maneh. Dheweke tilar donya ing rumah sakit.

Latar papan ngenani rumah sakit sajrone novel PPP bisa dideleng kaya ing andharan ing ngisor iki:

*Sing teka dhisik dhewe ing rumah sakit Ngesthiratu. Kemrungsum atine, kemrecek pitakone, kedandapan polahe. Wis meruhi kunarpane eyange, wis ngrungokake critane ibune, lagi sikepe mendha kalem.*  
(PPP, 2013: 155)

## 2) Latar Wektu

*“...Ora usah sepuluh taun engkas. Ya kaya saiki iki, taun 1998 abad rongpuluh. Mas Adreng suksukan adus kringet neng Senayan kana, bisa uga dipenthungi dening pulisi, dene wong-wong ing seminar iki padha ngombe kopi anget ing ruwangan AC sing kepenak banget...”*  
(PPP, 2013: 60)

Saka anane pethikan kasebut, bisa dimangerteni yen latar wektu sajrone novel PPP yaiku njupuk latar ing taun 1998 nalika jaman pamarentahan peralihan saka Orde Baru. Indonesia nalika jaman Orde Baru ing taun 1998 ngalami prahara kang gedhe. Pamarentah konangan akeh sing nindakake prekara KKN (Korupsi, Kolusi, lan Nepotisme) saengga para mahasiswa nduweni inisiatip mudhun ing dalan kanthi nganakake dhemonstrasi.

## e. Sudhut Pandhang

Novel PPP nggunakake sudut pandang persona katelu, yaiku narator utawa pangripta novel minangka pawongan kang ana ing sanjabane crita lan nyritakake para paragane kanthi nyebutake jeneng-jeneng paragane. Babagan iki mau bisa dibuktekake kanthi pethikan ing ngisor iki:

*“...Cekake awake dhewe kudu nginep kene, nganti parlemen bubar!” ujare Adreng, pemimpin klompok MPD.*  
(PPP, 2013: 1)

Saka saperangan pethikan ing dhuwur bisa dideleng yen sajrone novel PPP nggunakake sudut pandang persona katelu, amarga narator utawa pangripta novel ana ing sanjabane crita tanpa dadi salah sijine paraga. Para paragane dicritakake kanthi disebutake jeneng-jenenge ing saben-saben adhegan.

## f. Basa Utawa Gaya Basa

Gaya basa bisa sinebut dhiri pribadine pangripta. Kanthi nyinaoni gaya basane pangripta karya sastra, pamaos bakal bisa mangerteni watak lan dhiri pribadi saka pangripta kasebut (Sumardjo, 1986: 92).

Basa sajrone seni sastra diupamakake cat sajrone seni lukis. Kalorone arupa unsur bahan lan piranti kang diolah kanggo didadekake sawijine karya kang ngandhut nilai luwih tinimbang bahane. Basa sastra miturut kaum Formalis Rusia yaiku basa kang nduweni ciri deotomatisasi, mengkok utawa beda saka cara panuturan kang asipat otomatis, prasaja, lan lumrah (Nurgiyantoro, 2010: 272).

Sajrone novel PPP, Suparto Brata minangka pangripta novel nggunakake basa kang nduweni klimaks. Kaandharake kaya ing ngisor iki:

*Tekan RSCM kahanane Sasrapambudi wis lemes, anyep. Tanpa ambegan. Ora nututi. Nanging ya tetep Pembayun ngupakara lan ngurus nganti tekan papriksane dhokter. Nalika wis kari ijen disarekake ing kamar priksan darurat, Pembayun nyawang wandane maratawane kanthi trenyuh. Katon ngegla gilang-gilang yen wong tuwa pejuwang kuwi keduwung banget ing pungkasan uripe. Putrane nylinguhake dhuwit negara. Putrane ora bisa nutugake dadi Keluarga Pejuwang Bangsa. Kabar kuwi wis kapacak ing surat kabar esuk kuwi! Wis ngambra-ambra. Eyang Sasra, Mayjen Purnawirawan Sasrapambudi, Si Kancil jaman moncere Lasykar Kere, pahlawan sing nampa Bintang Gerilya, wis ora bisa ngumpetake isine atine. Jantunge dhadhal.*  
(PPP, 2013: 154)

Pethikan kasebut ngandharake sawijine conto ukara adhegan kang nduweni klimaks, dideleng saka saya nuduhake tingkatan ing saben ukara kang diandharake.

## 2. Kadadegan Sosial Sajrone Novel

Senajan novel PPP isih tetep kalebu crita fiktif nanging saperangan kahanan-kahanan sajrone novel PPP digawe saemper karo kahanan kang kadadegan ing kasunyatan. Andharan iki kasengkuyung kaya ing pethikan wawancara ing ngisor iki:

*“Mesthi wae pengalamane panulis secara obyektif ya ana. Dadi wektu aku nulis novel iki, kahanan nalika jatuhe pak Harto kaya dhemonstrasi kudu daklebokake merga iku bagian saka sejarah. Dadi novelku senajan*

*fiktif, tapi keadaan sosial wektu iku dakpadhakake.”*

(Suparto Brata, 14 Desember 2014)

Pethikan kasebut nuduhake yen Suparto Brata nalika ngripta sawijine karya mesthi nglebokake saperangan kadadayan kang kadadayan ing kasunyatan amarga kadadayan kasebut arupa perangan saka sejarah.

Sawijine kadadayan nyata kang kadadayan sajrone novel PPP yaiku ngenani dhemonstrasi kang kadadayan ing jaman arep lengsere pak Harto ing taun 1998. Salah sawijine kronologis lengsere Soeharto ing sasi Mei 1998 kaandharake kaya kasebut ing ngisor iki:

*Ing Istana Merdeka, dina Kemis watara jam 09.15 Soeharto ngumumake mundur saka kursi kepresidenan lan BJ Habibie disumpah minangka presiden RI katelu. (ANTARA)*

(<http://lipsus.kompas.com/grammyawards/read/2008/01/27/16234932/Kronologi.Kelengseran.Soeharto..Mei.1998> diakses tanggal 01 Mei 2015).

Bab ngenani dhemonstrasi para mahasiswa ing taun 1998 kang nuntut reformasi uga disebutake sajrone novel PPP. Andharane kaya pethikan ing ngisor iki:

*Demonstrasi ing gedhong parlemen rame banget. Para nom-noman padha nggawa spanduk, nggawa poster, lan nggelar orasi, mbengokake tuntutan-tuntutane supaya tatanan negara brubah. Orde Baru supaya lengser, lan gage ana prubahan anyar. Diganti!*

(PPP, 2013: 1)

Pethikan kasebut nuduhake kadadayan kang kadadayan nalika jaman bubare Orde Baru yaiku dhemonstrasi. Dhemonstrasi kasebut digambarake saperangan nom-noman mbengokake tuntutan ing gedhong parlemen kang isine kepengin yen tatanan negara bisa owah.

### 3. Pamawase Jagad Pangripta

Pamawase jagad Suparto Brata sajrone novel PPP katuduhake lumantar paraga-paraga wanita kang berjuwang kanthi cara kang wicaksana lan kabukti bisa kasil nggayuh apa kang dadi pepingine, yaiku saka paraga Wara Pramesthi, Ngesthiratu, lan Pembayun Ratri. Saka katelu paraga wanita kasebut, Suparto Brata kepengin nuduhake yen berjuwang kuwi ora kudu nggunakake katiyasane otot, kaya ing pethikan wawancara ing sabanjure:

*“Intine menghadapi swasana dhemo lan perubahan jaman saka jaman Orde Baru Pak Harto ke jaman Reformasi. Wong wanita telu iki (Wara Pramesthi, Ngesthiratu, lan Pembayun Ratri) uga nduweni kesaktian kanggo nerusake generasi bangsa kanthi cara berjuwang liwat jalure dhewe-dhewe. Kaya si Wara iki, dheweke nggatekake bab-bab apa sing dibutuhne karyawan-karyawan ing perusahakane anyar sing arep dibangun. Dheweke ora lali mbangun mesjid sajrone pabrik kuwi. Banjur Ngesthiratu sing duwe pikiran arep nerbitake bukune kancane ning ora nggolek untung, dheweke mung kepengin bangsane nduweni budi pakerti sing alus. Sing trakhir ibune yaiku Pembayun Ratri, yaiku ibu sing berjuwang kanggo kesejahteraan kulawargane.”*

(Suparto Brata, 14 Desember 2014)

Pethikan wawancara ing dhuwur ngandharake ana telung wanita kang kasil melu ngowahi jaman. Kapisan Wara Pramesthi kang nduweni kapinteran mrinci perangan-perangan kang bakal dibutuhake sajrone mbukak perusahaan anyar, banjur Ngesthiratu kang lila nerbitake buku tanpa mikirake kauntungan *financial* amarga tujuwan utamane dheweke mung supaya bangsane luwih seneng maca buku saengga bangsane bisa duwe budi pakerti lan moral kang becik, lan pungkasane Pembayun Ratri kang wis aweh *kontribusi* kanggo ayam lan rukune kulawargane.

### 4. Pamawase Masyarakat

Masyarakat nduweni panemu dhewe tumrap novel PPP. Pamawas saka pamaos kang maca novel PPP sepisanan diandharake dening Listyan (22). Andharane kaya pethikan wawancara ing ngisor iki:

*“Pejuwang kuwi pawongan kang wani nindakake kabecikan kang migunani kanggo wong liya. PPP kuwi miturutku isi critane apik, sing dicritakake ora mung bab perjuwangan nanging ya ana unsure katresnane. Critane uga unik amarga njupuk setting ing taun 90an dadi sekalian karo sinau sejarah. Yen miturutku sajrone novel PPP kuwi sing kena diarani pejuwang ana papat, yaiku ibune kuwi, si Pembayun Ratri lan anake telu kabeh, Wara, Adreng, lan Ngesthi. Pembayun kuwi minangka ibu wis akeh berjuwange kanggo kulawargane utamane kanggo anake saengga anak-anake bisa kalebu pawongan-pawongan sing cerdas lan uga melu berjuwang kanggo bangsane kanthi carane dhewe-dhewe. Wara kuwi kan berjuwang ing bisnis property, dheweke gelem nyedhaki Jim si bule Amerika supaya Jim gelem*

ngedegake perusahaan ing Indonesia. Kaya ngono kuwi ditindakake Wara supaya dheweke bisa mbukak lapangan pekerjaan anyar kanggo wong-wong sing durung oleh pagaweyan. Terus Adreng kuwi ya sinebut pejuwang, amarga dheweke melu dhemo karo kanca-kancane kuwi tujuwane kanggo mbela wong cilik sing katindhes karo tumindake para pangreh praja sing wis ora becik. Terus Ngesthi kuwi ya pejuwang. Dheweke berjuwange liwat medhia cetak lan medhia elektronik. Kanthi medhia cetak dheweke berjuwang nerbitake buku sastra reriptane kancane lan berjuwange kanthi medhia elektronik lumantar radhio panggone dheweke makarya.”

Saka andharan ing dhuwur nuduhake yen pejuwang yaiku wong kang wani nindakake kabecikan kanggo wong liya. Ing panguripan saben dinane wong kang bisa sinebut pejuwang kuwi bisa diarani kang kaya paraga Pembayun, Wara, Adreng, lan Ngesthi. Dadi wong kang sinebut pejuwang kuwi bisa diupamakake paraga Pembayun kang ndhidhik anak-anake supaya dadi pawongan kang pinter lan migunani kanggo wong liya. Banjur diupamakake kaya Wara kang berjuwang kanggo kabutuhane wong akeh lan diupamakake kaya Adreng kang lila mbela wong cilik kang rumangsa hake ora kacukupan dening pangreh praja. Saliyane kuwi wong kang bisa sinebut pejuwang bisa diupamakake kaya paraga Ngesthi kang berjuwang lumantar medhia cetak lan medhia elektronik kanthi nyebarake pawarta kang migunani tumrap watak lan morale bangsa.

## PANUTUP

### 1. Dudutan

Novel *Para Pawestri Pejuwang* nyritakake ngenani para wanita kang berjuwang kanthi tujuwane dhewe-dhewe. Dicitakake paraga Ngesthiratu, Wara Pramesthi, lan Pembayun Ratri kang nduweni niat berjuwang kanggo bangsa, budaya, lan kulawargane. Ngesthiratu berjuwang nguri-uri budaya Jawa, Wara Pramesthi berjuwang mbukak lapangan usaha, lan Pembayun Ratri kang berjuwang kanggo tentreme kulawargane.

Sajrone novel *Para Pawestri Pejuwang* (PPP) kang diteliti yaiku ngenani struktur karya sastra sajrone novel PPP, kadadeyan sosial kang njalari laire novel PPP,

pamawas jagade pangripta tumrap novel PPP, lan pamawase masyarakat tumrap novel PPP.

## 2. Pamrayoga

Novel *Para Pawestri Pejuwang* nyritakake ngenani pejuwang-pejuwang wanita kang berjuwang ing dalane dhewe-dhewe uga kanthi carane dhewe-dhewe. Dicitakake Wara Pramesthi sawijine *business woman* kang berjuwang ing bisnis *property* kanthi mbukak perusahaan anyar kanggo mulyakake wong-wong kang durung antuk pagaweyan, Ngesthiratu sawijine mahasiswa kang nduweni kawigaten kang gedhe marang budaya Jawa lan kepengin berjuwang mbecikake watak lan moral bangsane lumantar basa lan budaya Jawa, Pembayun Ratri minangka ibu kang cacad lumpuh sikile nanging ora lali berjuwang kanggo karukunan lan katentremane kulawargane sarta ndhidhik anak-anake supaya dadi pawongan kang migunani kanggo wong liya. Saka telung pejuwang kasebut nuduhake yen wanita pranyata bisa ngowahi kahanan donya kanthi tumindake. Malah bisa uga apa kang ditindakake dening para wanita bisa luwih ngasilake tinimbang apa kang ditindake dening para lanang.

## KAPUSTAKAN

- Jabrohim, ed. 2001. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widia.
- Luxemburg, dkk. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: PT Gramedia.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta: Girimukti Pasaka.
- Warren, Rene Wellek & Austin. 1990. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia.
- <http://lipsus.kompas.com/grammyawards/read>